



Pou Piblikasyon Imedya: 15/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEBLOKAJ ANTISIPE AVANTAJ SNAP YO POU EDE NOUYÒKÈ FÈMTI GOUVÈNMAN FEDERAL LA TE AFEKTE YO

Tout Benefisyè Pwogram Asistans Nitrisyonèl Siplemanchè yo pral Resevwa Avantaj yo Apati 7 Mas

Yo te Pwolonje Dèlè pou Kòlèk Pwodwi Alimantè Doktè Martin Luther King, Jr. la pou Ede Bank Alimantè Lokal yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke tout benefisyè Pwogram Asistans Nitrisyonèl Siplemanchè yo (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) pral resevwa avantaj pou mwa pwochen an pa pi ta pase 7 Mas - apeprè yon semèn avan lè yo te prevwa. Objektif deblokaj antisipe a se pou soulaje fado a pou benefisyè ke yo te fòse pwolonje avantaj yo te resevwa pou mwa fevriye a pandan plis pase sis semèn akòz de fèmti san presedan gouvènman federal la.

“Nou pap pèmèt echèk lamantab onivo lidèchip nan Washington lan menase kapasite pou fanmi yo mete manje sou tab yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Deblokaj antisipe avantaj alimantè yo pral ofri yon mezi soulajman pou Nouyòkè ki depann de pwogram enpòtan sa a pou yo siviv.”

Sou lòd Gouvènè a, Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la ap debloke avantaj mwa mas la yo anva lè abityèl yo pou pifò benefisyè yo pou yo ka soulaje difikilte swadizan “eka SNAP la” te lakoz yo. Sa vle di anpil Nouyòkè pral wè avantaj mwa pwochen yo a parèt apeprè yon semèn avan lè yo konn vini nòmalman. Anviwon 2.7 milyon moun ak 1.5 milyon fwaye depann de avantaj SNAP yo pou yo siviv. An Desanm lan sèlman, Eta New York te debloke plis pase 374 milyon dola pou ede Nouyòkè yo evite ensekirite alimantè.

Gouvènman federal la te bay eta a yo lòd pou yo debloke avantaj SNAP yo 17 Janvye a akòz fèmti gouvènman an. Apeprè 1.4 milyon fwaye te resevwa avantaj mwa Fevriye yo a twa semèn avan lè nòmal yo, pou asire yo gen ase finansman ki disponib. Yo te restore avantaj regilye yo pwograme pou mwa Mas la apre gouvènman federal la te reyouvri a, sa ki lakoz kèk Nouyòkè - espesyalman sila ki nan Vil New York la yo - pral resevwa avantaj yo jis nan mitan mwa mas la.

Anplis de avantaj SNAP yo y ap debloke bonè a, Gouvènè a te pwolonje dèlè pou koleksyon pwodwi alimantè Doktè Martin Luther King, Jr la (Dr. Martin Luther King, Jr. Food Drive), ke yo te prevwa k ap fini semèn sa a. Piske Gouvènè a rekonèt presyon kwasan bank alimantè ak gad-manje yo ap sibi, li te pwolonje dèlè pou koleksyon

pwodwi alimantè a rive nan fen mwa mas la pou ede ajans eta a yo kolekte plis pwodwi alimantè pandan moman sa a ki enpòtan pou bank alimantè ak gad-manje lokal yo.

Koleksyon pwodwi alimantè a, ke Asosyasyon Bank Alimantè (Food Bank Association) Eta New York la ko-esponsorize a, ap mande ajans Eta a yo pou yo kolekte atik pwodwi alimantè yo oswa don lajan pou bank alimantè, gad-manje kominotè lokal yo, ak lòt pwogram ki akse sou sèvis yo. Pandan 18 ane ki sot pase yo, ajans eta yo te kolabore ak òganizasyon kominotè yo pou yo kolekte plis pase 587,000 liv pwodwi alimantè ki te fè 490,000 repa ototal pou sila ki nan bezwen yo. Yo te bay nèf bank alimantè lokal ki te pati Asosyasyon Bank Alimantè Eta New York la (Food Bank Association of New York State) manje sa yo.

Yo te fè prèske 20,000 Nouyòkè sispann travay yo pandan fèm ti gouvènman an epi anpil lòt ankò t ap travay san salè pandan 35 jou, sa ki te kite anpil Nouyòkè san chwa ot ke pou yo chache mande asistans alimantè dijans pou lapremyè fwa. Epitou, piske benefisyè SNAP yo te deja fini avantaj yo te resevwa pou mwa fevriye a yo, bank alimantè ak gad-manje yo prevwa menm plis demann ankò, pandan y ap jere resous limite yo genyen yo.

Moun nan popilasyon an ki entèrese fè don lajan oswa pwodwi alimantè ki pap gate rapid yo genyen ki poko depase dat ekspirasyon yo ka vizite sitwèb Asosyasyon Bank Alimantè a sou <https://protect2.fireeye.com/url?k=b04845d9-ec6e727a-b04abcec-000babda0106-046988ffc82a82c4&u=http://www.feedingnys.org/donate>. Nouyòkè yo ka sipòte efò sa yo tou lè yo ofri tan yo kòm volontè nan bank alimantè rejyonal yo a. Nenpòt moun ki entèrese ka jwenn enfòmasyon sou <https://protect2.fireeye.com/url?k=ef77b3ee-b351844d-ef754adb-000babda0106-58ff0dcf5162aca3&u=http://www.feedingnys.org/volunteer>.

Komisè pa Enterim Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York la, Mike Hein, te deklare, “Nou ap travay pou nou ede Nouyòkè yo konble eka SNAP la ke fèm ti gouvènman federal la te lakoz la lè nou rann li posib pou benefisyè yo resevwa avantaj SNAP mwa Mas yo pi bonè pase lè abityèl yo. Men nou konnen anpil fanmi toujou oblije chache asistans nan gad-manje lokal yo. Tout moun ka jwe yon wòl an efò sa a n ap fè la lè yo fè don pwodwi alimantè oswa lajan pou ede sila ki gen bezwen yo”.

Komisè Sante New York la, Doktè Howard Zucker te deklare, “Anpil milye fanmi Nouyòkè depann de pwogram asistans vital sa yo pou yo jwenn aksè a pwodwi alimantè nitrisyonèl ki pa t ap disponib pou yo jwenn san èd. Piske ensekirite alimantè ap ogmante epi bank alimantè lokal nou yo ap fè fas a gad-maje vid, mwen ap ankouraje tout moun ki kapab pou yo fè don yo, fè don. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l pwolonje dèl pou koleksyon pwodwi alimantè Doktè Martin Luther King, Jr. la k ap fèt Onivo tout Eta a pou ede konble eka pou sila ki gen bezwen yo”.

Komisè Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta New York, RoAnn Destito, te di, “Desizyon Gouvènè Cuomo pran pou l pwolonje dèl pou koleksyon pwodwi alimantè Doktè Martin Luther King, Jr. la k ap fèt Onivo tout Eta a jiska fen mwa mas la pral ede bank alimantè rejyonal yo ak gad-manje lokal yo retabli yo apre ogmantasyon nan demann yo te genyen pandan fèm ti gouvènman federal la.

Mwen ap ankouraje anplwaye m yo nan OGS ak nan tout ajans Eta a yo pou yo fè don nan mezi yo kapab pandan n ap chache soulaje grangou nan Eta New York”.

Kathleen Stress, ki se Prezidan Konsèy Administrasyon Asosyasyon Bank Alimantè Eta New York la te deklare, “Nou felisite sansibilizasyon Gouvènè a ak efò eta a ap fè pou yo asire ke yo byen pran swen sila ki nan difikilte yo. Desizyon pou yo debloke avantaj SNAP yo bonè pou mwa mas la ak pwolonjman dèl koleksyon pwodwi alimantè a demontre enpòtans pou nou mete tèt ansanm an kominote pou nou ede sila ki ap chache siviv yo. Ane pase, nèf gad-manje manm Asosyasyon Bank Alimantè Eta New York la te bay plis pase 150,000,000 repa nan chak konte atravè Eta New York la. Travay asosyasyon nou an ak manm li yo posib gras a patenarya ki genyen ant plis pase 5,000 gad-manje ak enstitisyon kominotè ki ede nou fè distribisyon manje ak sèvis yo bay Nouyòk k ap lite kont ensekirite alimantè yo”.

Margaret Purvis, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Bank Alimantè Vil New York la te deklare, “Soup popilè ak gad-manje atravè Vil New York la yo ap prepare yo pou liy k ap pi long ak etajè k ap vid pandan y ap eseye sèvi bezwen san presedan Eka SNAP la kreye a. Byenke lacharite pap janm ka ranplase responsablite gouvènman federal nou an, lacharite an patenarya ak eta a ak gouvènman lokal yo gen plis chans pou yo sibl epi sèvi moun ki pi vilnerab nan New York yo. Lidèchip gouvènè nou an te demontre nan kad sansibilizasyon l ap fè ak Biwo Sèvis Jeneral Eta a nan kad maksimizasyon resous alimantè ki soti nan sous non-tradisyonèl yo esansyèl epi nou vrèman apresye èd yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE SOUSKRIPSYON OU](#)